



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**ENVESTISMAN 850 MILYON DOLA GOUVÈNÈ HOCHUL LA FÈ NOUYÒK VIN PI ABÒDAB POU FOUNISÈ SÈVIS POU ANDIKAP DEVLOPMANTAL YO**

*Plis Lajan nan pòch ou: Revizyon to yo pral ede founisè sèvis san bi likratif yo ofri salè konpetitif pou anplwaye ki devan liy yo*

*Bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou fè Nouyòk vin yon Eta ki pi favorab pou travayè nan nasyon an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prèske 850 milyon dola nan to ranbousman aktyalize pou founisè sèvis rezidansyèl ak sèvis lajounen san bi likratif ki gen lisans Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) Eta Nouyòk. Bidjè Ane Fiskal 2025 la, ansanm ak finansman federal adisyonèl, te bay plis pase 400 milyon dola nan nouvo resous yo dwe atribye chak ane pou founisè sèvis OPWDD yo. Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2026 Gouvènè Hochul la kontinye investisman sa a epi l ap ede ranpli twou vid ki genyen nan mendèv sa a pandan y ap kreye nouvo opòtinite travay. Investisman sa a pral pèmèt founisè yo ogmante salè pou anplwaye devwe yo, finalman sa k ap fè Nouyòk vin yon kote ki pi abòdab pou viv ak travay. Endistri founisè nou yo te fè fas ak defi, epi inisyativ solid Gouvènè Hochul sa a demontre yon angajman pou sipòte sektè sa a, moun k ap travay di li yo ak kominote y ap sèvi yo.

"Founisè sèvis Nouyòk yo ap bay moun ki gen andikap devlopmantral yo ak fanmi yo yon sèvis enpòtan, epi yo merite pou yo peye yon to ki jis pou sèvis yo bay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajisteman to sa a prevwa pèmèt yon majorite founisè sèvis pou ogmante salè pou anplwaye ki devan liy yo, sa ki t ap rann viv nan Nouyòk vin pi abòdab pou youn nan mendèv nou yo ki travay pi di, ki pi devwe epi ki pi konpatisan".

Revizyon to yo se yon pwosesis ki obligatwa sou plan federal kote yo mete ajou to ranbousman founisè pou reflekte chanjman nan pri aktyèl pou bay sèvis yo. Resous sa yo pral pèmèt ajans founisè yo ofri salè ki pi wo pou anplwaye swen dirèk yo, sa k ap ede abòde pòs ki vid anplwaye yo epi redwi woulman, sa ki enpòtan anpil pou amelyore kalite swen pou moun ki andikape yo. Anplis de sa, finansman an pral sipòte lòt depans esansyèl ki asosye ak livrezon sèvis vital sa yo.

Depi 2022, Eta a te mete plis pase 2.8 milya dola disponib pou founisè OPWDD yo pou sipòte investisman nan mendèv la – apeprè 1.4 milya dola nan bonis yon sèl fwa ke gouvènman federal la apwouve, prèske 1.1 milya dola atravè twa Ajisteman Kou Lavi (Cost of Living Adjustments, COLA) youn apre lòt, enkli 2.84 pousan COLA ki enkli nan bidjè ane pase a, ak plis pase 340 milyon dola atravè divès inisyativ bonis ke Eta finanse. An jeneral, plis pase 3.7 milya dola pral disponib pou rezo founisè san bi likratif OPWDD, lè yo enkli nouvo resous ki soti nan investisman san parèy sa a nan to yo.

**Ofisye Anchèf pou Moun Andikape yo, Kim Hill Ridley, te deklare,** "Investisman sa a se yon pati enpòtan nan ranfòse sistèm sèvis andikape yo ak priyore ogmantasyon salè pou mendèv sipò dirèk nou an ki ede Nouyòkè ki gen andikap nan lavi chak jou pa yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou resous sa a ki ede founisè yo rete konpetitif pandan y ap bay pi bon sipò ak sèvis yo."

**Komisè Enterimè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal (OPWDD), Willow Baer, te deklare,** "OPWDD kontan pou l kapab pibliye ajisteman to enpòtan sa yo ki pral ede founisè sèvis nou yo kontinye kenbe sipò enpòtan yo epi rekrute ak kenbe anplwaye ki devan liy lan ki gen talan ak kalifye. Mwen fyè de investisman enpòtan sa a epi mwen kontan wè yo transfere finansman sa a pou adrese enkyetid ki dire lontan yo epi ranfòse mendèv enpòtan sa a."

**Senatè Eta Patricia Fahy, te deklare,** "Investi nan moun k ap bay swen nou yo ak mendèv sipò dirèk ki bay sèvis enpòtan ak swen pou Nouyòkè k ap viv ak andikap se fason nou abòde pòs vid yo, retansyon, epi asire kontinye swen sa a. Finansman sa a pral pèmèt founisè yo ofri salè ki pi konpetitif epi rezoud pwoblèm anplwaye yo, sa k ap finalman mennen nan amelyore swen pou Nouyòkè k ap viv ak andikap ak fanmi pa yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Baer paske yo rekonèt enpòtans pou investi nan mendèv ki devan liy nou an, epi mwen pa ka tann pou mwen travay ak kòlèg mwen yo pou investi davantaj nan mendèv pwofesyonèl sipò dirèk nou an."

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo se kolòn vètebral sistèm swen nou an, yo bay sipò enpòtan ki pèmèt moun ki gen andikap devlopmanal yo viv ak diyite epi yon fason endepandan. Investisman sa a se yon etap enpòtan nan ranfòsman sèvis pou moun ki gen andikap yo, sa k ap asire founisè yo ka ofri salè ki pi konpetitif pou rekrute ak kenbe pwofesyonèl devwe yo ki fè yon diferans reyèl nan lavi moun. Li ede abòde mank mendèv epi ranfòse angajman nou anvè yon sistèm swen ki solid ak dirab. Mwen apresye rekonesans Gouvènè Hochul sou bezwen sa a ak angajman pou sipòte founisè sèvis pou moun ki gen andikap nan Nouyòk yo. Antanke papa yon pitit gason ki gen yon andikap, sa a se yon pwoblèm mwen pasyone anpil de li, epi mwen rete konsantre sou avanse politik ki ranfòse sèvis sa yo, asire moun ki gen andikap yo ak fanmi yo gen aksè ak swen ak sipò yo merite."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NY Alliance for Inclusion and Innovation, Michael Seereiter, te deklare,** "NY Alliance ak 135 manm founisè san bi likratif li yo trè rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè enterimè OPWDD Willow Baer pou investisman san parèy sa a ki pral amelyore anpil kapasite nou pou sipòte plis pase

130 000 Nouyòkè k ap viv ak andikap entelekyèl ak devlopmantral (intellectual and developmental disabilities, I/DD) ak fanmi yo ke OPWDD sipòte. Resous sa yo pral bay founisè sèvis rezidansyèl yo ak sèvis lajounen nou yo kapasite pou yo atire ak angaje sipò dirèk, sipèvizè premye liy, ak lòt pozisyon pèsonèl enpòtan ki nesèsè pou bay bon jan kalite sipò, epi adrese lòt depans esansyèl ki asosye ak sèvis sa yo."

**PDG ARC NY la, Erik Geizer, te deklare,** "Eta Nouyòk te fè yon investisman enpòtan epi ki nesèsè anpil nan moun ki gen andikap entelekyèl ak devlopmantral yo. Ane investisman ensifizan yo te lakòz yon kriz nan sistèm nou an ki te diminye kalite ak disponiblite sipò ak sèvis esansyèl yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak OPWDD paske yo kolabore ak founisè yo pou pi byen alinye investisman ak pri aktyèl pou bay sèvis yo. Resous adisyonèl sa yo pral ede founisè yo pi byen satisfè bezwen moun nou sipòte yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye travay ak eta a pou asire nou respekte angajman nou pran pou nou bay bon jan kalite swen ak konpasyon pou sitwayen nou yo ki gen bezwen espesyal."

**PDG ak Prezidan CP State, Mike Alvaro, te deklare,** "Nou bat bravo pou Eta Nouyòk ak Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral (OPWDD) yo pou mete ajou to founisè yo, sa ki make yon investisman enpòtan nan sèvis pou moun ki gen andikap yo. Nou apresye tou Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè enterimè Willow Baer pou angajman yo ak efò yo pou ranfòse sistèm andikap devlopmantral la. Sipò sa a ede founisè yo ranfòse mendèv yo, fè fas ak depans k ap monte yo, epi, sa ki pi enpòtan, asire yon rezo bon jan kalite swen disponib nan tout eta a pou moun ki gen andikap entelekyèl ak devlopmantral yo."

**PDG Winifred Schiff Inter Agency Council la, te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Komisè Enterimè Willow Baer pou sipò yo bay sektè sèvis andikap devlopmantral la, pou rekonesans yo ke pri pou bay sèvis yo te ogmante san rete pandan to yo byen lwen dèyè, ak apresyasyon yo ke anplwaye ki devan liy nou yo bay sèvis sipò ak afimasyon lavi esansyèl ki rann lavi posib pou anpil Nouyòkè. Pandan ke travay nou an poko acheve, ajisteman to resan pral kontribiye yon fason sinifikatif pou konpanse plizyè ane to inèt yo ak kèk nan pèt founisè yo te eksperimante pandan pandemi COVID la, epi nou gen konfyans ke Gouvènè Hochul pral kontinye kanpe avèk nou pou ke ansanm, nou ka reyalize bon jan salè pou fòs mèdèv nou an, epi sektè nou an ap kontinye sipòte Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral yo ak fanmi pa yo, byen lwen alavni."

**Prezidan DDAWNY, Mindy Cervoni, te deklare,** "Alyans pou Andikap Devlopmantral nan Rejyon Lwès Nouyòk (Developmental Disabilities Alliance of Western New York, DDAWNY) rekonesan pwofondman anvè Gouvènè Hochul pou angajman inebranlab li anvè founisè sèvis san bi likratif Nouyòk yo k ap sipòte moun ki gen andikap devlopmantral yo. Finansman transfòmatif sa a bay founisè yo pouvwa pou yo kontinye bay bon jan kalite sèvis pandan y ap ofri salè ki pi konpetitif bay pwofesyonèl sipò dirèk yo – ki se moun ki gen konpasyon ak konpetans ki bay swen pratik ak sipò enpòtan pou moun ki gen andikap devlopmantral yo. Lè yo rekonèt travay ki gen anpil valè pwofesyonèl sa yo epi asire yo jwenn yon konpansasyon yon fason ki jis, investisman

sa a ranfòse establiite mendèv yo epi li amelyore kalite lavi anpil moun ak fanmi ki depann de swen pa yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)